



LEKTI ESPLIKASYON AVANTAJ OU YO (EOB)

Ou ka resevwa yon EOB ki sot nan plan sante w la apre vizit ou a kay founisè a. Li ap montre w frè total pou vizit ou a ak konbyen ou menm ak plan sante w la dwe. Yon EOB PA YON FAKTI. O ka sèvi ak li tou pou suiv kijan ou menm ak fanmi ou itilize kouvèti w la. Founisè w la ka ba ou yon lòt fakti.

Men yon egzanzp yon Esplikasyon sou Avantaj yo.

Nimewo Sèvis Kliyantèl plan sante w la ka toupre logo plan an oswa sou do EOB ou a.

1 Nimewo Telefòn

Ou ka rele plan sante w la si w gen kesyon sou fason pou w jwenn yon founisè oswa sou sa kouvèti w la gen ladan l.

2 Benefisyè a se moun ki ap resevwa nenpòt ranbousman pou reklamasyon peye anplis lan.

ESPLIKASYON AVANTAJ

1 Nimewo Sèvis kliyantèl: 1-800-123-4567

Dat Deklarasyon: XXXXXX
Nimewo Dokiman: XXXXXXXXXXX

Non Manm:
Adrès:
Vil, Eta, Zip:



Sa a PA YON FAKTI.

Nimewo abòne a: XXXXXXXXXXX Idantite: XXXXXXX Gwoup: ABCDE Nimewo Gwoup: XXXXX

Non Pasyon: XXXXXX
Dat yo te resevwa l: XXXXXXXXXXX

Founisè:
Benefisyè: **2**

Nimewo Reklamasyon: XXXXXXXX
Dat pèman an: XXXXXXXX

3 Sèvis Deskripsyon

montre sèvis sante ou te resevwa yo, tankou yon vizit medikal, tès laboratwa, oswa tès depistaj.

4 Frè Founisè yo

se kantite lajan founisè w la faktire pou vizit ou a.

5 Frè yo otorize yo

se kantite lajan ke y ap peye founisè w la; kantite lajan sa a ka diferan ak frè founisè a.

Detay reklamasyon an				Kisa Founisè w la kapab faktire ou		Responsabilite w			Pri Total Reklamasyon		
Nimewo Lij.	Dat Sèvis la	Deskripsyon Sèvis	Estati reklamasyon	Frè Founisè	Frè yo otorize	Ko Peye	Dediktib	Koasirans	Sa konpayi asirans lan peye	Sa ou dwe	Kòd remak
1	20/3/22-20/3/22	Swen medikal	Peye	\$31,60	\$2,15	\$0,00	\$0,00	\$0,00	\$2,15	\$0,00	PDC
2	20/3/22-20/3/22	Swen medikal	Peye	\$375,00	\$118,12	\$35,00	\$0,00	\$0,00	\$83,12	\$35,00	PDC
			Total	\$406,60	\$120,27	\$35,00	\$0,00	\$0,00	\$85,27	\$35,00	PDC

Kòd remak: PDC—Kantite lajan yo faktire ki pi wo pase pèman maksimòm ke asirans lan otorize. Pèman an se pou kantite lajan yo otorize.

6 Sa konpayi asirans lan peye

se kantite lajan ke plan sante w la ap peye founisè w la.

7. Sa ou dwe

se kantite lajan ou dwe apre konpayi asirans ou an fin peye tout lòt bagay. Ou ka deja peye yon pati nan kantite lajan sa a. Yo pa ka retire pèman yo fè dirèkteman bay founisè w la nan kantite lajan sa a.

8. Kòd remak

se yon nòt ki soti nan plan sante a ki bay plis esplikasyon sou depans yo, frè yo, ak kantite lajan yo peye pou vizit ou a.

Peye fakti w yo

Peye fakti w yo epi kenbe tout dokiman yo nan yon kote ki an sekirite. Kèk founisè p ap konsilte ou si ou gen fakti ki pa peye. Ou ka anmezi pou peye fakti w yo sou entènèt oswa nan telefòn. Sa a ka varye selon plan sante w ak kouvèti asirans ou.

Apèl

Si ou pa dakò ak yon pwoteksyon oswa desizyon pèman plan sante w la, ou anmezi pou fè apèl. Si w panse yo te fè w peye pou tès oswa sèvis ke kouvèti w la ta dwe peye pou yo, kenbe fakti a. Rele plan sante w imedyatman. Plan sante yo gen sant apèl ak sipò pou ede.

go.cms.gov/c2c

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini peye pou sa.
Dat Revizyon: Me 2022 Piblikasyon #11819-HC

